


## Kutarisisa: Kumuka kuvakafa

1. Nemhaka yei vakadzi vakaenda kubwiro raJesu? (*Vakatakura zvinonhuwira kuti vandozodza mutumbi waJesu.*)
2. Ko ndiani akakungurusa ibwe kubva pabwiro? (*Mutumwa ndiye akakungurusa ibwe.*)
3. Ko Bhaibheri rinotsangudza mutumwa uyu sei? (*Kuratidzika kwake kwakanga kwakaita semheni uye nguvo dzake dzaive dzakachena sechando.*)
4. Ko varindi vebwiro vakaita sei pavakaona mutumwa? (*Vakaita sevakanga vafa.*)
5. Ko mutumwa akanyaradza vakadzi sei? (*Akati, "Musatya."*)
6. Ko mutumwa aiva neshoko rokuti kudini? (*Akavaudza kuti vatarise mubwiro. Jesu haapo pano. Akamuka*)
7. Ko akataurira vakadzi kuti vaitei? (*Endai mundoudza vadzidzi vake, kuti Jesu akamuka.*)
8. Apo Jesu akazviratidza kwavari panzira, vakadzi vakaitei? (*Vakawira pasi patsoka dzake, vakamunamata.*)
9. Ko vakadzi ava vakanzwa sei apo vakaona Jesu? (*Vakabatwa nokutya, asi vaine mufaro. Vakakurumidza kundozivisa vadzidzi.*)
10. Ko tingawanawo sei mufaro waiva navakadzi ava pamusi wokumuka kwaKristu? (*Kuburikidza nokumbira Jesu kuti apinde mumwoyo yedu nomuupenyu hwedu. Kuverenga Bhaibheri, kutaura naMwari mumunyengetero, nokuwadzana navamwe vatendi.*)

## Jesu Mupenyu



## **Mako 16:1 - Kumuka kuvakafa**

Sabata rakati rapfuura, Maria Magadharena, Maria mai vaJakobho,  
naSarome vakanenga zvinonhuwira kuti vagondozodza mutumbi  
waJesu.

## **Mateo 27:65-66, 28:1-10**

65 Pirato akapindura akati, “Torai, varindi. Endai, mundochenetedza  
guva iroro semaziviro enyu.” 66 Saka vakaenda vakandoita kuti  
richengetedzwe nokuisa chisimbiso pabwe, uye nokuisa varindi.

28:1 Mushure meSabata, ava mambakwedza nomusi wokutanga  
wevhiki, Maria Magadharena nomumwe Maria vakaenda kundoona  
guva. 2 Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru nokuti mutumwa  
waShe akabva kudenga akaenda paguva akasvikokungurutsa ibwe  
riya akagara pamusoro paro. 3 Kuonekwa kwake kwakanga kwakaita  
semheni uye nguo dzake dzakanga dzakachena sechando. 4 Varindi  
vakamutya kwazvo zvokuti vakadedera vakaita savanhu vafa.

5 Mutumwa akati kuvakadzi vaya, “Musatya nokuti ndinoziva kuti  
muri kutsvaka Jesu uyo akarovererwa pamuchinjikwa. 6 Haapo pano;  
amuka sokutura kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga  
avete. 7 Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake  
kuti, ‘Amuka kubva kuvakafa uye kuti afanotungamira kuGarirea.  
Muchanomuona ikoko.’ Zvino ndakuudzai.”

8 Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva vachitya asi  
vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya kundoudza vadzidzi vake.  
9 Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, “Kwaziwai.” Vakauya  
kwaari vakabata tsoka dzake uye vakamunamata. 10 Ipapo Jesu  
akati kwavari, “Musatya. Endai mundoudza hama dzangu kuti vaende  
kuGarirea; ikoko ndiko kwavachanondiona.”

## **I Know that My Redeemer Lives**

*by: Samuel Medley*

I know that my Redeemer lives;  
What comfort this sweet sentence gives!  
He lives, He lives, who once was dead;  
He lives, my ever living Head.

He lives triumphant from the grave,  
He lives eternally to save,  
He lives all glorious in the sky,  
He lives exalted there on high.

He lives to bless me with His love,  
He lives to plead for me above,  
He lives my hungry soul to feed,  
He lives to help in time of need.

He lives, all glory to His name!  
He lives, my Jesus, still the same.  
Oh, the sweet joy this sentence gives,  
“I know that my Redeemer lives!”

*(Verengawo Marko 16:1-13, Ruka 24:1-12, Johani 20:1-18)*